Funded by UK Government

PENAL REFORM INTERNATIONAL

ЗОРЛЫҚ ЭКСТРЕМИЗМИНЕ ТАРТЫЛҒАН ҰАЯЛЛАР

Басылым ушын жуўапкершилик авторға тийисли болып, ондағы пикирлер, сондай-ақ, текстте ги мағлыўматлар, түсиндирмелер ҳәм жуўмақлар Германия Федерал сыртқы ислер министрлиги, Deutsche Gesellschaft fur Internationale Zusammenarbeit (GIZ) GmbH ҳәм Немец Миллий университетлер бирлеспесиниң Өзбекстандағы филиалының (DVV) көз-қарасын сәўлелендирмеўи мүмкин.

ЗОРЛЫҚ ЭКСТРЕМИЗМИНЕ ТАРТЫЛҒАН ҲАЯЛЛАР

Зорлық экстремизмине (буннан кейин текстте - ЗЭ) қарсы гүрес тараўындағы ең көп додаланатуғын темалардан бири ҳәм соның менен бирге ең тартыслы және аз изертленгени экстремистлик топарлар искерлигине тартылған ҳаяллардың роли, мотивлери ҳәм позициясы саналады. Әсиресе усы тема Сирия ҳәм Ирактағы ХТШ жеңилиси ҳәм ОАР пуқараларының турақлы жасаў орынларына қайтыўы мүнәсибети менен әҳмийетли болып қалды.

Жәмийетте қабыл етилген стереотиплер арқалы бул ҳаяллар ЗЭ әлеминде ерлериниң әпиўайы «избасарлары» ҳәм азырақ белсенди интакерлери яки жаллаўшылары сыпатында қабыл етиледи[1].

Деген менен, ЗЭге тартылған ҳаяллардың мотивациясы менен ролин толық изертлей отырып, көплеген тайпаларды ажыратып алыўға болады.

Келиң, таңланған тайпалардың ҳәр бирин өз алдына талқылайық.

1-ТАЙПА: ЗЭ топарына социаллық ҳәм материаллық ғәрезлилик тийкарында жалланған.

Социаллық яки материаллық жақтан ЗЭ топарына байланып қалған ҳаяллардың үмитсизлик дәрежесин түсиниў ушын биз бир неше мысалларды келтиремиз.

Алматыда (Қазақстан) бир ҳаял шәрият бойынша ажырасып, балаларын күйеўине береди. Балаларды жаңадан алған ҳаялы бағыў керек еди. Бирнеше айлардан соң анасы қәўендерлик уйымларынан қоңыраў етип, балалары қалай жасап атырғанлығын билип бериўди сорайды. Сөйтсе, балалары шығындылар арасынан аўқат терип жүрген екен. Еки жасар баласын урлап алып шығыўға ериседи, шыпакер оған «дистрофия» диагнозын қояды. Консультация ўақтында ҳаял анасының үйинде баласы менен жасады. Жумыс жоқ. Оны ЗЭ идеяларын үгитлейтуғын жәмийет қоллап-қуўатлап турды.

Ҳаялды бир саатқа ямаса бир түнге «берген» жағдайлар болған. Әлбетте, бул жағдайлардың исламға ҳеш қатнасы жоқ. Буның бәри болжаўлы жаўынгердиң шаңарағына деген интасы болмаўы ушын және қәлеген ўақытта террористлик ҳәрекет ўақтында тири қуралға айланыўы ушын жасалады. ЗЭни үгитлейтуғын шыныығыўлардың биринде ер адамларға арналған мынандай шақырық болады: «Егер сиз гурия (бейиштиң гөззал қызлары) сизди бейиште күтип турғанда жердеги ҳаялыңызды қәдирлесеңиз, сиз пүткиллей ақымақсыз»

Ўақыт өтиўи менен ҳаяллардың өзлери ушын қатынларына болған бундай мүнәсибет әдеттеги жағдайға айланады. Бул машқала жәмәәттен сыртқа шықпаўы ушын олар қолдан қолға узатылады. Алматыда (Қазақстан) бир ҳаял өзиниң ери достысына оны бир түнге қалай саўға етпекши болғанын айтып берди. Өзиниң қарарын ер адам былайша тастыйықлайды: «усылайынша, жәмәәтеги ағайинлер оларды бул дүньяда ҳеш нәрсе услап тура алмаслығын, олардың сынақтан өте алатуғынын дәлийллейди». Ол ҳаял сол күни кеште үйден қашып қутылыўға ерискен, бирақ буннан кейин ол ери менен жасаўды даўам еттирген, себеби оның сөзлерине қарағанда «хабардың өзи туўры, сиз өзиңиздиң исениминиз ушын ҳәтте шаңарағыңызды да қурбан етиўиниз керек, ал мен буған еле таяр емеспен». Социаллық қарамлық себепли оның жүзинде топардан шығыўдан қорқыныш көринер еди.

Шаңарақтағы машқалалар ҳаққында айтыўға жүрексинетуғынлар бул системаның кишкене бөлимин ғана қурайды. Олардың көпшилиги өз «жәмәәтлери» (қәўим) әтирапында «өз сорпаларында өзлери қайнайды». Ҳәтте бул жәмәәтлер ишинде таслап кетилген ҳәм «саўға етилген» ҳаялларға жәрдем беретуғын арнаўлы фондлар бар. Ең жақсы ҳалатта, мүрәжат еткенлерге: «Буған өзиң айыпкерсең, барып ериннен кешириў сора», делинеди.

Еки, үш, төрт баласы бар ҳаяллар бар. Көбинесе олардың әкелери басқа-басқа. Базы жағдайларда бул балалар аўыр кеселликлерден азап шегеди. Бундай жағдайдағы ана өзин ҳәм балаларын баға алмайды. Топардағы тәртип себепли ол жумыс ислей алмайды, өйткени әтирапында ер адамлар бар. Жағдайдан шығыўдың бир ғана жолы бар: бираз ўақыт ашлыққа ушырамаў ушын қайтадан турмысқа шығады. Бул ҳаяллар ҳақыйқый жарлылық шегарасына жетип, ҳәр күни ораза услаўға мәжбүр болады, себеби жеўге ҳеш заты жоқ. Мүрәжат етиўшилердиң бири қоңсыларына балаларына сорпа сорап барғанлығын айтады.

Ҳаяллар не ушын буншелли дәрежеде қыйын жағдайға түседи? Себеби, бирнеше сәтсиз некеден кейин ол жалғыз қалады. Ҳаял барлық абсурдты, жағдайдың барлық трагедиясын түсинеди, буның ислам нызамшылықларына пүткиллей қатнасы жоқ екенлигин түсинеди. Мине, «қайырхомлар» бул гүнәны қаны менен өтеўди усынады. Ҳәттеки усындай тасланды ҳаялларды жыйнап, усындай шешимге, усындай мақсет ушын идеологиялық жақтан таярлайтуғын мектеплер сыяқлы квартиралар да бар.

---

[1]*Женщины и насильственный экстремизм в странах Европы и Центральной Азии. Краткие выводы и рекомендации. ® ООН-Женщины. Июнь 2017 г.*

Әдетте, бул ҳаяллар туўысқанларынан да жәрдем сорай алмайды, себеби олар менен қашшан-ақ қарым-қатнасты үзген. Нәтийжеде ЗЭ топарына социаллық ҳәм материаллық жақтан қарамлық оларды жынаятқа ийтермелейди.

2-ТАЙПА: шаңарақ қурыў қәлеўи менен жалланған

Бундай топарға мотивация төмендегише:

- тез турмысқа шығыўды қәлеў;
- жынысый қатнасларды ақлаўға ямаса нызамластырыўға урыныў.

Соны айтыў керек, диний жеккөриўшиликтен келип шыққан ҳалда жынаятлар ислеп турмыс қурған еркеклер ҳәм ҳаяллар көп.

Характерли тәрепи сонда, шаңарақта көпшилик еркинлик ҳәм түсиниўшилик туйғысын сезинбейди. Радикал топарларда шанарақтың мәниси бузылған ҳәм шаңарақ тек жынысый нәпсини қандырыў деп түсиниледи.

Судланғанлардың бири, мәселен, «Хизб-ут-Тахрир» (бул шөлкем ОАР мәмлекетлеринде суд қарары менен экстремистлик деп табылған)да көп мәрте турмысқа шығыў, үйлениў, қәлегенинге талақ ислеў (ажырасыў) қоллап-қуўатланады. Еркеклерге даўат ўақтында (үйинен алыста) «жаўынгер досты»на қызық ушын үйлениўге рухсат етиледи», дейди.

Және бир судланыўшы қысқа ўақыт көрисиўден соң, таныслары усынысы менен бир қызға «телефон арқалы» (такфирит шөлкемлерине тән) үйленгенин айтады. Оның туўысқанлары еки ярым жыл алдын турмыс қурған болса да некелери ҳаққында билмейди.

Радикал жәмәәттеги (қәўимдеги) ҳаяллар арасында өмирлик еркинен айрылып турмысқа шығыў абырой саналады. Олар өз таңлаўларын былай түсиндиреди: "*Басқа апа-сиңлилерге әўмет күлип бақты, олар Сирияда, олар гүнәларын жуўыўға қарағанда үлкен қыйыншылықларға дус келмекте. Бул жерде бола турып мен «тутқын»ға турмысқа шығып, бундай сынақлардан өте аламан. Некеден өттик. Енди оған барыўға, аўқат алып кетиўге пул жыйнайман*" [2].

Негизинде бул тайпадағы судланғанлардың ҳаяллары сыртқы дүнья менен байланыста болады. Соңғы пайытларда өмирлик еркинен айрылған тайпадағы ериниң мәсләҳәти менен ажырасып, қайтадан қысқа мүддетке қамалғанлар менен турмыс қурған ҳаяллар да байқалмақта. Изертлеў авторы жетерли дәлийллерге ийе емес, бирақ бундай ис-ҳәрекетлер ҳаққында ең жаман болжаўларды бериў мүмкин. Мәселен, жазаны өтеў ўақтында радикалланған ҳәм оларға таярланған судланғанлардың көмеги менен жаңа зорлық жынаятларына таярлық көриў туўралы айтыў мүмкин. Бул жағдайда ҳаяллар бақлаўшы функциясын атқарады.

Судланған ҳаяллардың базылары тап усы тәризде телефон арқалы некелесип турмысқа шығады. Ажырасыўы да аңсат. Кейин және жаңа турмыс қурады[3].

Әдетте, болажақ ерли-зайыплылар бирин-бири тек топардың биреўиниң усынысы бойынша биледи ҳәм бундай жәмәәттен қызға күйеў таңлаўдағы баслы өлшем «намаз оқыў ҳәм сақал қойыў» деп аталады.

Көбинесе, экстремистлик яки террористлик топар ағзасы менен турмыс қурыў усынысы арнаўлы «мусылманлар» танысыў сайтларынан келеди. Ўәделерден шетте қалмастан, қызға некелесиўди усыныс етеди. Егер бул келин ҳәм күйеў ушын биринши неке болмаса да, оған ҳешким итибар бермейди.

Гейпара ҳаяллар топардың көрсетпелерин басшылыққа ала отырып, «гүна жасаўдан қорқамыз», сонлықтан некеде турыўмыз керек, дейди. Басқалары жынысый қатнастың болмаўы жаңа қатнасларды орнатыўға түртки болады деп мойынлайды.

Мәселен, экстремистлик жынаят ушын судланғанлардан бир еркек ҳаялына өзин азат етилиўин күтпеўди ҳәм «пидайылық»тың арнаўлы түрин көрсетиў ушын Сириядағы урыстағы жаўынгерлерге жынысый хызмет көрсетиў ушын кетиўин тайынлайды. Оның жанында тап усындай нийет пенен өзиниң анасы да бар еди.

Және биреўи әкесиниң тәсири менен ЗЭ топарына түсип қалады, «кәпир менен жасамайман» деп күйеўи менен ажырасады. Соң турмысқа шығады, және ажырасады. Және турмысқа шығады. Жаңа неке бир ай-ақ даўам етеди. Ери жумыс ислеўге кетеди де, ол жақтан қоныраў етип, телефон арқалы «талақ» дейди. Усыннан кейин ол интернет арқалы Қазақстан колониясындағы бир судланған менен танысады,

---

[2] *Экстремистлик ҳәм террористлик характердеги жынаяты ушын судланған ҳаял менен жеке сәўбет. Қазақстан, Астана, 2016-ж.*

[3] *Отчет по итогам мониторинга исправительных учреждений уголовно-исправительной системы Кыргызской Республики по работе с осужденными за преступления террористического характера и экстремистской направленности. УНП ООН. Бишкек, 2018 г. С. – 44.*

оған барады ҳәм некелеседи. Және бир балалы болады. Жуўмағында, алдын балаларын асырап келген жәрдем пулларының бәрин жаңадан арттырған ерине береди. Тез-тезден турмыс қурыўының себебин ол психологқа өзиниң физиологиялық талабын қанаатландырыў деп түсиндиреди.

3-ТАЙПА: шахстың психологиялық өзиншеликлери себепли жалланған

Және бир ўақыя: алты айлық ҳәмиледар, турмысы бар ҳаял «Интернет шайхы» деп аталған кимсениң тәсирине түсип қалды. Социаллық тармақта ол Европадан келген Муҳаммед деген менен ушырасады. Муҳаммед оған «Ислам»ды үйретиўди баслады. Ол шәрият нызамлары, «кәпир елде» жасаў мүмкин емеслиги, паспортынан ўаз кешиўи ҳәм Сирияға ҳижрат етиў ушын барыў кереклиги ҳаққында айтады. Муҳаммед оған ҳақыйқый некесин бийкарлағанына исендирип, оған турмыс қурыўды усынады. Оның алдына келиўге ўәде берди. Оның ушын ол айрықша рольди - ИШИМге (ОАР еллеринде қадағаланған Халықаралық террористлик топар) садықлыққа ант бериўге таяр болған ҳаяллар жәмәәтин жыйнаўды тайынлайды.

Оның тәсири менен И. экстремистлик сайтларды изертлей баслайды, бул жаңалықларды өз бетлеринде бөлисип, сәйкес тарқатпалар ислейди. Ақыбетинде террористлик ҳәрекетлерге шақырыўша радикал контенттеги мағлыўматларды тарқатқаны ушын жынайый жуўапкершиликке тартылды.

ЗЭ менен байланыслы ҳәрекетлерге байланып қалғанлығының себебин анықлаў мақсетинде ҳаялдың жеке сыпатлары тексерип көрилгенде альтруистлик инстинктиниң ҳәм өзин-өзи идентификациялаў шкаласының төмен екенлиги байқалды.

Альтруистлер меҳрибанлығы, жанашырлығы, жақынларына, әсиресе қарияларға ғамхорлығы менен ажыралып турады, олар басқаларға өзлерин ақырғы, ҳәтте керекли нәрселерин де бериўге таяр. Олар жаман болса, ҳәмме ушын жақсы бола алмайтуғынлығына исенеди. Бирақ мәлим жағдайларда, усы пазыйлетлер үшинши шахслардың ғәрезли мақсетлерине ерисиў ушын ислетилиўи мүмкин. Альтруистлик инстинктке ийе адам «яқ» дей алмайды, ал мотивация менен, мәселен, балалар, қорланғанлар ҳәм басқалардың өмирин сақлап қалыў ушын ол өзи сезбеген ҳалда террористлик топарлардың радикал позицияларын қоллап-қуўатлаўы мүмкин.

Өзиниң «мен»и болмаўы оған топардың радикаллы идеологиясынан бөлиниўине мүмкиншилик бермейди. Ол сыртқы тәсирге ушырағанлықтан, топардың принциплеринен бас тартыў «жоқары» мақсетлерге ерисиўдеги сатқынлықты билдиреди. Бул жағдай инсанның өзине тәнлигин жоғалтыў есабына социаллық талапларға бейимлесиўши ететуғын турмыс тәризи деп айтылады.

Көплеген судланыўшы ҳаяллар усындай минез-қулыққа ийе екенлигин айтып өтиў зәрүр. Ҳақыйқатында, олар санасын жаўлап алыўшылар тәрепинен таярланған нағыз қурбанлары саналады.

Террористлер олардың меҳрибанлығы ҳәм басқалардың мәпи ушын өзлерин қурбан етиўге таяр екенлигинен пайдаланады.

4-ТАЙПА: Шаңарақлық қатнасықларды жоқ етиў арқалы жалланады

Бундай тайпадағыларға таңлаў имканиятына ийе емес ҳаяллар киреди. Олар ушын күйеўлери шешим қабыл етеди.

Шаңарақтағы пассив роли ҳәм ерлериниң кейнине ериў бойынша улыўма қабыл етилген нормалар себепли ҳаяллардың ЗЭге араласыўы көбинесе Тәжикстанда байқалыўы мүмкин. Усы тенденция бойынша МКШ ўәкиллери тәрепинен интервью пайтында берилген түсиндириўлер арасында төмендегилер айтылған:

- *«Ер – бул қудай»;*
- *«Ата-анасы – бул тек әке»;*
- *«Тәжикстанда қызлар көбинесе 14-15 жасында турмысқа шығады. Мабада ажырасқан жағдайда үйине қайтып келе алмайды. Үйинде ол ҳешкимге керек емес»*[4].

Әлбетте, бундай тәртип ҳаялдың ҳуқықын нольге алып келеди. Айырым жағдайларды ҳаялларға Сирияның орнына Түркияға жумыс ислеўге баратырғаны айтылады, ал гейде ҳаяллар Сирияға баратырғанын алдыннан билген жағдайда оларға шаңарағын сақлап қалыў ушын күйеўлериниң изинен баратуғынлығы уқтырылады[5].

Терроризм бойынша аналитик ҳәм АҚШтың «SITE Intelligence Group» корпорациясы тийкаршысы Рита Кац ИШИМ (ОАР мәмлекетлеринде қадаған етилген халықаралық терроршылық топары) ҳаялларды терактке таярлаў ушын жаллап баслағанын көрсетти. «ИШИМ ҳаяллар ҳәм қызлардың ҳүжимге атланыўы ушын олардың күйеўлерин ҳәм әкелерин мәжбүрлеўге шақырады»[6].

---

[4] *МКШ ўәкиллери менен жеке сәўбет, Тәжикстан, Душанбе, 2018-ж. апрель*

[5] *Женщины и насильственный экстремизм в странах Европы и Центральной Азии. Краткие выводы и рекомендации. ® ООН-Женщины. Июнь 2017 г.*

[6] *Ф. Прокудин. «Аллах меня спас». Кто ждет возвращения боевиков ИГ* из Сирии. 4 декабря 2017 г. Доступно по ссылке - https://ria.ru/syria/20171204/1510122854.html*

5-ТАЙПА: жетекшилик ҳәм ҳәкимиятқа умтылыў арқалы жалланған

ЗЭге қосылған ҳаяллар арасында шет ел топарларына еркли рәўиште қосылған белсенди басшылар, жаллаўшылар да бар.

Экстремистлердиң гендерлик бағдарланған үгитлеўи менен ҳаялларға ислам полициясында жоқары мәртебеге ерисиўине, сондай-ақ қаржылай жеңилликлер берилетуғынлығына ўәде бериледи. Олар сондай-ақ жумысқа жаллаўшылар сыпатында жумысқа шақырылады[7].

Экстремизмди үгитлеўде айыланып судланған Қазақстан пуқарасы болған бир ҳаял бес шаңарақтан туратуғын пүткил жәмәәтти (топарды) басқарған. Ҳаялдың өзи ХТШ ағзалары менен турақлы байланыста болған, өзи тутылмағанша Сирияға кетиў нийетинде болып жүрген.

Тәжикстанда ҳүкимет ең кеминде бес ҳаялдың өз бетинше Сирияға кеткенлигин мәлимледи. Мәселен, 34 жастағы ҳаял Душанбеден Сирияға кетип, кейин және қайтып келип басқа ҳаялларды жаллап күйеўлеринен бирин де ертип әкетеди (3 күйеўи болған)[8].

Бул топардағы ҳаяллар таярланған, бирнеше тиллерде сөйлейди, балалығынан теңлеслери арасында жетекшилик уқыплықты ийелеген, апологетика мәселесинде жақсы мүрәжат ете алады, манипуляция етиў усылын меңгерген, аңсатлық пенен жолдан аздыра алады, жүдә харизматикалық. Бирақ өзлерин де басқарыўды қәлегени ушын эксплуатация етеди. Олардың барлығы ЗЭ зәрүр ўақытта қурбан ететуғын «майда жетекшилер» есапланады.

ЗЭге тартылған ҳаялларды тиклеў

Жоқарыда келтирилген фактлерди итибарға ала отырып, ҳаялларды ЗЭ-ге тартыўға тәсир еткен мотивлерди қарастырыў жеке көзқарасты қажет ететуғынлығын тағы бир мәрте атап өткен мақул. Оннан басқа, қайта социалландырыў усылларын таңлаў ўақтында итималлы қәўиплерди есапқа алған өте әҳмийетли. Өкинишлиси, ОАР-да гендерлик аспектке бағдарланған система жоқ. Сонлықтан, қәлеген адам, реабилитация процесине қосыла береди, бул болса көпшилик жағдайда сәтсизликлерге алып келеди.

Мәселен, психолог А. Базарбаева өзиниң әмелиятта көрген бир ўақыяны еслейди. 2015-жылы ол Түркиядан Қазақстанға үш балалы жаўынгер ҳаялды телефон арқалы сөйлесип қайтарыўға мияссар болады. «Кейин бираз ўақыт даўамында ол ҳаял бейимлесиў курсын өтеди, балаларына ҳүжжет ҳәм жәрдем пул таярланды. Солай етип ол исенимли «такфир ҳаял» (душпанларына қарсы қураллы гүрес алып барыўға тийкарланған өте радикал ҳәрекет) болып қалды. ИШИМ (ОАР мәслекетлеринде қадаған етилген халықаралық терроршылық топар) «халифат» қурыў ҳаққында хабар жәриялағанда ол шын жүректен қуўанды. Азы-кем ўақыттан кейин ол саўашлардың биринде күйеўи атып өлтирилгенин билди. А. Базарбаеваның еслеўинше, «С.ның жүзи көгерип кетти ҳәм ол күйеўин «шаҳид болды» деп қышқырды, «қыямет күни ол Алладан оның гүнәларын кеширип, ужымаққа жибериўин сорайды». Ҳаялдың жесир қалғаны жергиликли радикал жәмәәт арасына тез тарқап кетеди ҳәм онын әтирапында үйлениўге талабан топар пайда болады. Ҳәттеки, биринши ҳаялы өзиниң күйеўине екинши ҳаял болып тийиўин өтиниш етти. «Исеним бойынша ағайинлери» оған квартирасы ҳәм барлық керекли нәрселери ушын төлейтуғынын мәлим еткенде реабилитация жумыслары бийкарға кетти. С. ойланбастан қайыл болды»[9].

Террористлик топарларда қан төгилиўде қатнасқан ҳаяллар қаҳарман сыпатында үгитленип, оларға үлкен ҳүрмет көрсетиледи. Басқаларды соларға уқсаўға нәсиятлап, барлық мораллық ҳәм материаллық жәрдемлер бериледи. Көплеген жаўынгерлердиң жесир ҳаяллары жас қызларға топарларда устазлық етеди, оларға ЗЭниң догмаларын үйретеди.

Жас ўақтында жесир қалып, перзент көрмегенлер және турмыс қурыўға разы болады. Қалғанлары, өзлериниң абыройларын өлимге шекем сақлап қалыўын абзал көреди, соның ушын олар түсиндиргендей, «шаҳид болған күйеўи менен жәннетке киреди».

ОАРдағы көплеген орайларда радикал топарлар ўәкиллери менен ҳаялларды материаллық тәмийинлеў мәселесинде бәсекилесиў имканияты жоқ. Олардың жасаўы ушын стационар орайлар болмағанлықтан, психологиялық реабилитация алып баратуғын қәнигелер де жоқ ҳәм т.б.

---

[7] *Женщины и насильственный экстремизм в странах Европы и Центральной Азии. Краткие выводы и рекомендации. ® ООН-Женщины. Июнь 2017 г.*

[8] *Женщины и насильственный экстремизм в странах Европы и Центральной Азии. Краткие выводы и рекомендации. ® ООН-Женщины. Июнь 2017 г.*

[9] *Алдын террористлик топар ағзасы болған психолог А.Базарбаева менен жеке сәўбет, Қазақстан, Көкшетаў, 2018-ж. апрель/*